



FÈ REYÈL SOU

TRANSPÒTASYON

PWOBLÈM SOU GRANDISMAN AK ANBOUTEYAJ ...

- **Popilasyon an ap grandi ekstraòdinèman.** Santral Florida ap grandi nan yon nivo prèske 1,000 nouvo abitan chak semèn. Rive nan ane 2030, pwojeksyon yo revele ke popilasyon rejyonal la ap nan 5.2 milyon abitan. *Anplis de sa, Santral Florida se youn nan destinasyon touristik prensipal nan mond lan, Kontre Oranj anrejistre yon rekò de 75 milyon vizitè nan ane 2018.
- **Anbouteyaj kontinye ap ogmante.** Pasaje nan Santral Florida pase apeprè 46 èdtan chak ane nan abouteyaj sikilasyon. Blokis nan sikilasyon koute yon pasaje Ameriken tipikman \$960 chak ane.
- **Tan trajè yo ap vin pi mal.** Gen kèk kote nan Kontre Oranj ki klase an pami kote nan Florida ke tan trajè yo pi wo - epi tan trajè yo kontinye ap ogmante chak ane.
- **Gwo foul travayè ap antre nan Kontre Oranj.** Done pi resan ki soti nan Orlando Economic Partnership montre ke apeprè mwatye nan tout travayè nan Kontre Oranj yo soti nan sèt Kontre anvwazinant yo pou travay – Sa fè apeprè 457,000 moun ki antre nan Kontre Oranj chak jou.

DEFI NAN ZAFÈ TRANSPÒTASYON ...

- **Sekirite pyeton yo bezwen amelyore.** Daprè yon rapò sou konsèp danjere 2019 ki soti nan Smart Growth America, zòn Orlando-Kissimmee-Sanford klase nan tèt lis zòn metwopolitèn ki pi danjere pou pyeton.
- **Transpò piblik aktyèl la pa ase.** Wout Otobis LYNX yo pa ase pou satisfè demann aktyèl la, epi SunRail pa vwayaje ase.
 - LYNX gen apwoksativman 300 otobis epi yo pakouri 2,500 kilomèt kare. Konpare avèk Kontre Allegheny nan Pittsburgh ki pakouri sèlman 745 kilomèt kare avèk 700 otobis.

www.ocfl.net/Transportation

- Ogmante fon pou LYNX ka ogmante kantite wout yo ak rapidite epi sa ap redwi tan pou rete tann yo a 50% ... finalman sa ap ede amelyore konfyans ak fyabilite pou pasaje yo.

MANKE FON ...

- **Kontre Oranj klase an pami kontre ki gen pi piti fon pou transpòtasyon nan Florid.** Kontre Oranj klase an twazyèm pozisyon nan dènye kontre yo nan eta Florida – 43yèm nan 63 kontre – depans pou transpòtasyon sou chak abitan.
- **Taks gaz la pa chanje.** Taks sou gaz federal, ki finanse apeprè mwatye nan tout pwojè otowout ak pon yo, plat akoz de meyè teknoloji ak efikasite gaz. Atravè ane yo, taks gaz pèdi 39 pousan de pouvwa depans li, menm jan enfrastrikti bezwen kontinye ap grandi.
- **Pri transpòtasyon sou fanmi nan Kontre Oranj.** Li koute yon fanmi apeprè \$1,079 pou l kondwi chak mwa. Sepandan, yon lese-pase pou itilize otobis piblik yo chak mwa, koute sèlman \$50.

YON CHEMEN VÈ LAVAN ...

Pou ki bagay nou ka itilize taks sou lavant senkòb transpòtasyon an?

Pou divès amelyorasyon nan wout yo ak kalite enfrastrikti transpò yo, ki enkli:

- Teknoloji, siyal pou sikilasyon ak limyè nan lari (distribisyon siyal pou sikilasyon ak ekleraj pou wout majè yo)
- Wout yo (ajoute liy ak refè sifas wout yo)
- Transpò piblik (LYNX ak SunRail)
- Entèseksyon (ajoute liy vire)
- Sekirite pyeton yo

Kiyès kap peye taks sou lavant transpòtasyon an?

Taks sou lavant yo kapab jenere \$596 milyon dola chak ane. Daprè yon etid konsiltan PFM te fè ke Visit Orlando te komisyone, omwen 51% nan fon ki antre yo se touris ak vizitè ki soti an deyò Kontre Oranj kap peye yo. Yap chaje sa sou acha machandiz ak sèvis, Taks la pap enkli bagay sa yo:

- Esansyèl pou pwodwi alimantè (exanp, lèt, pen)
- Medikaman
- Itilite